ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№59 (23.873) ● 2019 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек курыт школыр къэзыуххэм зэрызахуигъазэр

Курыт еджапІэр къэзыух ныбжьыщІэ лъапІэхэ!

Нобэрей махуэр фи дежкІэ къызэрыгэкІкъым. Нобэ фэ еджапІэм къыщыфхуоуэ Иужьрей узэдкьынэр.

Фэ къыфпощылъщ школыр къэзыуххэр зыпхыкІын хуей къэпщытыгъэхэр, балигъ гъащІэм фыхэзышэну гъэугур кьыфхуэзэлъыххэр, Іэмалыщ1эхэмкІэ, гъащІэм лъэ быдэкІэ фыщыувыным фыхуэзышэну къэлъыхуэнытГэхэмкІэ гъэнщІахэр. Фэ фыщыщ куэдым яубзыхуакІэщ я гъащІэр зытрауху энур, зыгуэрэри пІейтейуэ йогупсыс къыхахыну гъуэгум.

Фыщымышынэ унафэ къэфщтэным, мурадышхуэхэр зыхуэзгъэувык. ИкІи еджапІэм щызэвгъэгъуэта щІэныгъэр фи пльапІэхэр гъэзэщІа хъунымкІэ къыфхуэсэбэпыну, фи къарум фыкъызэригъэгугъэр фи хъуэпсапІэхэр зэвгъэхъулІэным лъабжьэ хуэхъуну си гуапэщ.

ГъащІэщІэм фыщыхыхьэкІэ зыщывмыгъэгъупщэ щІэныгъэ щывгъуэта школыр, сыт щыгъуи фщІыгъуа, фызыІууа гугъуехьхэр къызэвнэкІынымкІи, вбгъэдэлъ зэчийхэр къызыкъуэфхынымкІи щІэгъэкъуэн нэс къыфхуэхъуа, зи псэм щыщ Іыхьэкіэ къывдэгуэша фи егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи махуэшхуэмкІэ, узыншагъэ быдэ, къару мыкІуэщІыж, дэрэжьгъуэрэ ехьулІэныгъэрэ фиІэну си гуапэщ.

● Щыгъуэ пэкІу

Гузэвэгъуэшхуэм и лІэщІыгъуэ

ЦІыхум и Іэпкъльэпкъ пщыкІутІыр зэрызэрыубыдым хуэдэу, зэгуэр адыгэ лъэпкъым и лІакъуэ 12-ри зэнэзэпсэу псэущ. Урыс пащтыхьыгъуэм кърищІэкІа зауэм ахэр илъэси 101-кІэ (1763 - 1864) пэщІэтащ, тхьдэджхэм къызэралъытэмкІи, апхуэдиз хьэзаб зышэчыфа нэгъуэщІ лъэпкъ щыІэкъым. Зауэм лъэпкъыр зэбгридзри, дунейм трикъуэхьыжащ. Абыи емылъытауэ, нобэ, илъэси 155-рэ дэкІыжа нэужьи, адыгэм и щІэблэр дунейм дытетщ. «Шэрджэскіэ» зэджэу щыІа къэралыгъуэшхуэр ди нэгу къыщІыдогъэхьэ, ди лъэпкъ уардэм и фэеплъу.

НАКЪЫГЪЭМ и 21-р Адыгэхэм я фэеплъ махуэщ. Ди япэ итахэм я лІыгъэмрэ зэфІэкІымрэ ирипагэми, а махуэм адыгэу дуней псом тетыр нэщхьейщ. Гъэ къэс Налшык къалэмэ республикэм и районхэми дауэдапщэкэ щокІуэкІ, Кавказ зауэжьыр гузэвэгъуэшхуэкІэ зэриухам теухуауэ. Мы гъэми Адыгэхэм я фэеплъ махуэм Налшык и уэрам нэхъыщхьэм шууей 200-м нэблагъэ ирикІуащ. Абыхэм я ужьым адыгэ фащэкэр кьащылыдыкІыу итащ, лъэпкъ ныпымрэ «Адыгэ Хэку», «Черкесия» псалъэкэр зытет щэкІхэмрэ яукъуэдияуэ зыІыгъа щІалэгъуалэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэман благъэм зэрызиужьынум топсэлъыхь

ЗэІущІэм щыхэплъащ лъэпкъ проектхэм я щІыналъэ Іыхьэхэр гъэзэщІа зэрыхъум, зэман благъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужьынум и макроэкономикэ мурад нэхъыщхьэхэр зэгъэхъулІа зэрыхъунум, республикэ бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр къызэщІэгъэуІуэныкІэ адэкІи лэжьыпхъэхэм, налогхэмрэ налогхэм ящыщ адрей ахъшэмрэ къызэрыхахыр егъэфІэкІуэным.

ЩХЪЭХУЭУ зэпкърахащ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр хущхъуэхэмрэ зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ республикэм и унафэщІым нэхъ япэкІэ къигъэувауэ щыта пщэрыльхэр гъэзэщІа зэрыхъур.

КІэрэф М. А. абы и лъэныкъуэкІэ къигъэлъэгуащ бюджетым щымыщу сом мелуани 10,5-рэ къызэрызэщІагъэуІуар икІи а ахъшэр фошыгъу уз зыпкърытхэм, псом япэу абыхэм ящыщ сабий сымаджэхэм, ядэІэпыкъуным зэрытрагъэкІуэдэнур.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мыпхуэдэ центр иджыри къэс Кавказ Ищхъэрэм щыІакъым

Стратегие жэрдэмхэмкІэ агентствэм и дэІэпыкъуныгъэкІэ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ къыщызэІуахащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ центрым и япэ коврокинг-центр.

АБЫ и лэжьыгъэр нэхъыбэу хуэунэтІауэ щытыкІэр егъэфІакІуэным, бжьыгъэр зи лъабжьэ экономикэм папщІэ Іэщ1агъэлІэхэргъэхьэзырыным,промышленностым и лэжьыгъэр бжьыгъэхэр я лъабжьэу къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІхэми.

Центрыр къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Алътуд Юрий, УФ-м и Президентым бжьыгъэхэр зи лъабжьэ технологие зыужьыныгъэм и Іуэхуэхэмкіэ и лІыкІуэ хэха Песков Дмитрий сымэ.

«Илъэс зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, технологие зыужьыныгъэм елэжьу щытар къэралым и вузхэм ящыщу 15-20 хуэдизщ. Ахэр къэкІуэну зэманым хуэунэтІа гупсысэ нэхъыдІхэр убзыхунымрэ зыхуэфащэ проектхэр гъэхьэзырыныгъэ ялъэІэщырт, ауэ технологие зыужьныгъэр щІэгъэхуэбжьауэ егъэжьэныкІэ къаланэхэм ялъэІэщыртэкъым. Абы къыхэкІыу университетхэм мыпхуэдэ центрхэр къыщызэрагъэпэщу зэрыщІадзар хуэунэтІат щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ вузхэр технологие зыужьыныгъэ щІэгъэхуэбжьа къызэгъэпэщыным хуэгъэзэа лэжьыгъэм хэшэным. Дэ ди гуапэщ Кавказым щыяпэу а центрыр КъБКъУ-м къызэрыщызэІуахар икІи ар проект нэхъ пажэ быдэхэм ящыщ хъуну дыщогугъ», - жиІащ Песков Дмитрий.

Коворкинг-центрыр ди университетым и студентхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ сэбэпышхуэ къахуэхъунущ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и технологие нэхъыфІ дыдэхэр щІэгъэкъуэн къэщІынымкІэ. Нобэм ирихьэлІэу университетым мы центрыр и лъабжьэу проекти 9 щыпхагъэкІынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Накъыгъэм и 23, *махуэку*

♦Шылъэгум и дунейпсо махуэщ. А псэущхьэхэм я бжыгъэр дунейм мащІэ зэрыщыхъуар, ахэр хъумэным хуэгъэза Іэуэхуэр икІэщІыпІэкІэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр я тегъэщІапІэу, а махуэр США-м щагъэувауэ щытащ 2000 гъэм.

♦Азербайджаным щагъэлъапІэ экологиемрэ щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦Таджикистаным и щІалэгъуалэм я махуэщ

♦1769 гъэм франджы инженер Куньо Николэ зы сыхьэтым километритху зыкІу япэ автомашинэр зэпкъриплъхьауэ щытащ.

♦1879 гъэм уэрыс тхакІуэ цІэрыІуэ Тургенев Иван «Оксфорд университетым щІыхь зиІэ и доктор» цІэр къэфІащащ. Дуней псор къапщтэми, тхакІуэхэм ящыщу аращ а цІэр ятІэ дыдэу зыхуагъэфэщар.

♦1801 гъэм инджылыз инженер Тревитик Ричард бахъэкІэ зекІуэ автомобиль къигупсысащ. Абы зы сыхьэтым километр 14,5-рэ икІуфырт.

♦1904 гъэм Венэ (Австрие) къыщызэІуахащ алыджурым бэнэкІэмкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр.

♦1949 гъэм ФРГ-м и Конституцэр (Закон нэхъыщхьэр) къащтащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хэІущІыІу ящІащ Германие Федеративнэ Республикэ къызэрыгъэхуар.

♦Швецием щыщ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, а къэралым щІэныгъэхэмкІэ и академием и япэ президенту щыта, къэкІыгъэхэр, псэущхьэхэр класс-классурэ япэу зэхэзыгъэщхьэхуКІа **Линней Карл** къызэралъхурэ илъэс 312-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам и дамыгъэ куэд зыхуагъэфэща **Чухрай Григорий** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Шахматист цІэрыІуэ, дуней псом и чемпион, СССР-м спортымкІэ щыхьэзиІэ и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыта **Карпов Анатолий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Адыгэ хъэрычэтщІэ цІэрыІуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, телеэтэныкъэ и езыгъэкІуэкІ, УФ-м щыхьэ зиІэ и артисткэ **Гузеевэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхьэнущ.

Накъыгъэм и 24, *мэрем*

♦Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ. УФ-м и мызакъуэу, ар щдагъэпэлІэ славян лъэпкъхэр щыпсэу къэралхэми.

♦Парк хэм я европэпсо махуэщ

♦Европэм щагъэлъапІэ зэгъэунэгъуэм я махуэр

♦1844 гъэм телеграф Іэмалкіэ япэ хъыбарыр зэбгригъэхащ США-м щыщ Морзе Сэмюэл. Вашингтон иригъэхри абы телеграммэ игъэхьат Балтимор къалэм.

♦1900 гъэм «Аврора» кхъухьыр Санкт-Петербург деж псым япэу щытехьащ. Абы метри 127-рэ и кІыхьагът, метр 16,8-рэ и бгъуагът. Крейсерыр псым щытратІыпщхьэм кхрихьэлІат Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэр.

♦1925 гъэм дунейм кьытехьащ «Комсомольская правда» газетым и япэ номерыр.

♦1932 гъэм Ленинградрэ Москварэ яку дэлъ узгу гъуэгуанэм техьащ пощтым и хьэлъэхэр зыгъэІэпхъуэ кхъухьлъатэхэр.

♦1956 гъэм Луганэ (Швейцарие) япэу щызэхэтащ уэрэджыкІакІуэхэм я «Евровидение» дунейпсо зэпеуэр.

♦2008 гъэм Урысейр щытекІуащ уэрэджыкІакІуэхэм я «Евровидение» дунейпсо зэпеуэу Сербием и кьалащхьэ Белград щекІуэкІам. Ди къэралым и тхыдэм ахуэдэ къызэрыщыхъуар а зэрш, ар зыхуэзфІэкІари ди лъахэгъу, КъБР-м и цІыхубэ артист Билан Димэщ.

♦Урыс тхакІуэшхуэ, Нобель, Ленин саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфІащ, Социалист Лэжьыгъэм тІэунейрэ и Лыхъужь **Шолохов Михаил** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и Лыхъужь **Иуан Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыпсэу адыгэжьм ящыщ спортсмен, 1948 гъэм екІуэкІа Олимп Джэгуэн бэнэкІэ хуитыныкІэ чемпион щыхьэу **Билге Газанфер** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Бродский Иосиф** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ЩЭрджэс усакІуэ, тхакІуэ **Анзор Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Еблагъэ зи бэм и бын мэжалІэркъым.

Кавказ зауэжьыр (1763 - 1864) зэриухэр илъэси 155-рэ зэрырикъум иращІэкІа дауэдапщэхэм ящыщ зыуэ щытащ Налшык къалэ и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Хуитыныгъэм и хадэм ит Псэ жыг фэеплъым деж накъыгъэм и 20-м щызэхашар.

Шэху уэздыгъэу 101-рэ

ЛІЭЩІЫГЪУЭМ щІигъуакІэ екІуэкІа зауэм хэкІуэда ди лъэпкъэгъуэхр ягу кьыщагъэкІыж пшыхьым кьрихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, республикэм гражданэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и министр **КІурашын Анзор**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, пэкІур зэхэшэным зи гуащІэ хэзылъхьахэр, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьым хуэфащэ макъамэрэ уэрэдхэмрэ щагъэзэщІащ ди республикэм илъэс куэд хъуауэ щыщІэрыІуэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» гупым, Бахъсэн щыналъэм Щэнхабзэмкіэ и унэм щызэхэт «Кавказ» ансамблым, «Хьэгъэудж», «Бзабзэ», «Бзэрабзэ» джэгуакІуэ гупхэм хэтхэм, нэгъуэщІхэми.

Удзэхьэхт шыкІэпшынауэ Іэзэ, и адэшхуэ Хьэхъупащ1э Амырхъан и цІи, и унэцІи зезыхьэ артист щІалэм и утыку итыкІэри. Абы иІыгъ Іэмэпсымэм езыр дежьуужурэ къригъэкІа макъамэхэми къызэхуэсахэр ятхьэкъуат.

Зэрыщыту къэтщтэнщи, пшыхьыр зэкІэлъыгъэкІуауэ, дахэу екІуэкІащ. ЩагъэзащІэ уэрэдхэм, макъамэхэм уатеэзэщэн дэнэ къэна, гущыщІэ-гурыщІэу щызыхащІахэм къызэхуэсахэр зылІ и быну зэрызэкъуигъэувар я нэхэм къафыщІэлъадэу яхуэмыгъэпщкІужа нэпсхэм къыуагъащІэу апхуэдэт.

Макъамэ зэпэджэжхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ апхуэдизу щІэщыгъуэу къытщыщызэхъуар сыт жылІэмэ, ахэр гум кьикІыу зэрагъэзэщІамрэ нобэрей зэманым декІуу абыхэм щІагъэуа я «къэІукІэщІэмрэт».

Утыкум щыжаІа уэрэдыжьхэм кьахэщырт икІи къызэхуэсахэм, шэч хэмылъу, ягу ирихьащ къыхадза едзыгъэхэм пкъралъхьа гупсысэр макъ лъэщкІэ цІыхухэм я гум нэзыхьэсыфа, «Бахъсэн» гупым хэт БатІитІэ Мухьэмадрэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым и уэрэджыкІакІуэ пажэ Молай Алихьанрэ я гъэзэщІэкІэр. Ауэ, итІани, сэ къызэрысІэытэмкІэ, псори дызэзышэлІэж гупсысэр къызэхуэсахэм нэхъ захезыгъэщІар «Бзэрабзэ» гупыр и гъусэу макъ лъэщкІэ уэрэдыщІэхэр жызыІа, иужь зэманым ди республикэм цІэрыІуэ щыхьэуа Дыщэкі Артурщ.

Псэ жыг фэеплъым и дэкІуеипІэхэм «Илъэси 101-рэ» псалъэхэр кьикІыу, зауэр зэрекІуэкІа илъэс бжыгъэхэр къагъэлъагъуэу, трагъэува шэху уэздыгъэхэр зэхуэсым и етІуанэ Іыхьэм пагъэнащ. Пшапэ зэхэуэгъуэм яубла а Іуэху телъыджэм, гукъинэжым пшыхьым къыщызэхуэсахэм ящыщу, зэрыжаІэу, цІыкІуи ини, хулъхугъи бзылъхугъи, къулыкъущІи, цІыху къызэрыгуэкІи хэтащ.

«Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэм и унафэщІ Ащхъуэт Анзор щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, а пщыхьщхьэм Псэ жыг фэеплъым и щІыбагъым деж щызэфІащІа лэгъупІэмпІэхэмкІэ ягъэуа жьэрымэмрэ ерыскъы гуры ыхьэмкІэ хагъэщхьэжащ а махуэм нэщІ зыІыгъахэр, сабийуэ кърихьэлІаэри ягъэшхащ.

Пшапэ зэхэуэгъуэм цІыхухэр кІуэ пэтми нэхъыбэж хъуэу, ихъуреягъкІэ зэщІагъэлъда мафІэцІу щыкІухэм ди нэхэр тепльыхьэрэ къыкІэлъыкІуэ илъэсми, Тхьэм жиІэмэ, мыбдежым мыпхуэдэ Іуэху зэрыщекІуэкІынум дегупсысурэ, Псэ жыг фэеплъым дыкъыІукІыжащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● Щыгъуэ пэкIу

Гуэзэвгъуэшхуэм и лIэщIыгъуэ



Сэхъурокъуэ Хьэутий

Аттаев Жэмал

Маслов Николай

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЦыкIыри инри псори зэгъусэу екIуэлIащ Псэ жыг фэеплъым. КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, абдеж щекIуэкIа пэкIум цIыху мини 3-м нэблагъэ хэтащ. Мы Iуэхум зыкъраГъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м и Правительствэм хэтхэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, жылагъэр пэжыакIуэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я лэжьакIуэхэм, нэхъыжьхъэмрэ щIалэгъуалэмрэ.

ПэкIур иригъэкIуэкIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, жиIащ адыгэу дунейм тетыр а махуэм зэгъусэу зэрыщыгъуэр.

- Нобэ илъэси 155-рэ мэхъу Кавказ зауэр зэриухрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхыдэм и мащIэкъым щIыхубэр ныгъэгулэзэ зауэкэр. Ауэ Кавказ зауэр нэхъ кIыхь дыдэхэм ящыщщ, абы лъыуэ щагъэжар уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну шынагъуэщ, - пищащ Сэхъурокъуэм. - Зэманыр кIуэми, лъэпкъым и блэкIар зэи щыгъупщэнукъым. Нобэ адыгэхэр щыхэхэс хамэ къэралхэмэ мы Iуэхум теухуэ дауэдащэхэр щокIуэкI. А зэхуэсхэм нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщщэри йокIуалIэ, ди Iуэхур къыддаIыгъуы. Кавказ зауэм цIыхуи 10-м щыщу 9-р е хэкIуэдащ, е лъахэм ирагъэкIауэ щытащ. Адыгэ жылэ щэ бжыгъэхэр нобэ щыIэжкъым. Урысей Федерацэм адыгэу мин 700-м нэблагъэ фIэкIа щымыпсэуми, къэрал зэмылIэужьыгъуэ къэдым ди лъэпкъэгъу мелуани 8-м щIигъу щыIащ. Абыхэм я щхьэм кьэрикIуар ящIэж, арщхьэкIэ мыдзыхэу а здэщыIэ щIыпIэхэм ехьулIэныгъэхэр кьыщагъэлъагъуэ, жылагъэ-политикэ Iуэхуэхэм жыджэру хэтщ. Ауэ нэхъыщхьэр ди бзэмрэ щэнхабзэмрэ тхъумэныр зыщыдмыгъэгъупщэнырщ. Иужьрей илъэсхэм я Хэкум къаГъэззэжащ ди лъэпкъэгъу мини 3-м щигъум. ЗэрытхуэзфIэкIкIэ щIэгъэкъуэн дахуохъу Сирием къикIыжахэм. Ди еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэр щыдогъэтIысхьэ, Тыркум, Йорданием, Сирием щыпсэу адыгэхэм я бынхэр гъэ къэс кьатшэурэ Хэкум зыщагъэпсэху. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри едгъэфIэкIуэн хуейуэ къызэIуахыгъэ. Сыт хуэдэ зауэми и кIэр хьэдагъащ. Лъэпкъхэмрэ абыхэм я пашэхэмрэ я Iущагъыр зрахьэлIапхъэр щIыхуэм и псэм гуэзэвгъуэ тезыIэхьэ апхуэдэ зэныкъэкъуэхэр зэи къэмыгъэзыныщ. Ди тхыдэм дерс кьыхэтхын хуейщ, щIалэгъуалэм захэзгъаззэ, я блэкIар зыщагъэзгъупщэну, ижь-ижьыж лъандэрэ кьыддэгъуэгурыкIуэ ди хабзэкэр яхъумэну.

Сыхьэт 12:00-м дунейм адыгэу тетыр дакьикъкIэ щыгъуащ, Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу. Удз гъэзагъэр Псэ жыгым тралъхьа нэужь, пэкIум къыщыпсэлъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ **Аттаев Жэмал**. Нэхъыжьым къыхэпщащ Кавказ зауэм адыгэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыхихар. «Уи гур мыузу укьеджэфыркъым а зэманым лъэпкъым илъэгъуа гуэзэвгъуэр кьыщалуэтэжа тхыгъэхэм, укъагъаскIэ а илъэсхэм яуса уэрэдыжьхэр щызэхэпхкIэ. БлэкIам сыт щыгъуи уегъэIущ. Нобэ мы Iуэхум зыкъраГъэхьэлIащ КъБэрдей-БалъкъэрыМ щыпсэу лъэпкъ эзмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэм. Абы къыгъэлъагъуэу къыпкъэхр дызэрызэкъуэтыр. Сыхуейт адэкIи зы унагъуэм хуэдэу, ди гугъуехьри гуфIэгъуэри зэдздгуэшу дызэдзэгъуэгурыкIуэну», - жиIащ Аттаевым.

- Адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр куэд щIауэ къызэдокIуэкI, зым адрейм пщIэ хуищу. Ди япэ итахэм я фэеплъыр нэхъ лъапIэ дыдэ щыхъунур ди щIынальэр едгъэфIакIуэу, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ абы щытхъумэу дызэдэпсэумэщ. Ди щхьэр яхудогъэщхъ Кавказ зауэм хэкIуэдахэм, - жиIащ республикэм и муниципалъэ щIынальэхэм я советым и зэгухьэныгъэм и унафэщI **Маслов Николай**.

Илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэм Хэкум иса адыгэхэм я нэхъыбапIэр хэкIуэдащ. ЦIыху мин 500-м щигъу къыщыхутащ Уэсмэн къэралыгъуэм. Тхыдэр тщымыгъупщэу, ди нобэмрэ пщдеймрэ дытелажьэу, едгъэфIакIуэу дыпсэумэщ къэтпсэльмэ тщIэми мыхьэнэ щIэнур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зэхьхьэхэр

ЩIэблэр лъэпкъ тхыдэм щIапIыкI

Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 155-рэ щрикъум теухуауэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм зэIущIэ гукъинэж щекIуэкIащ. Адыгэхэм я ЩыгъуэщIэж махуэм ирихьэлIэу ар къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Безыр Ленэ.

БИБЛИОТЕКЭМ и къудамэм и унафэщI **Гергоковэ Лейлэ** зэхьхьэр кьыщыдзэIуихым кьыхигъащащ илъэсищм щIигъукIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэм адыгэ лъэпкъым гуэзэвгъуэ, хэщIыныгъэ куэд къызэрыхуихьар, цIыхухэм, гъунэгъу лъэпкъхэм пщIэ яхуэзыщIу, яхуэгуапэу кьадекIуэкI лъэпкъыр и щхьэхуитыныгъэмрэ и къудамэм и магистратурэм щеджэ **Мэртыкъуэ Эдуард** Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ къэзыждж и Iуэху. ЗэIуцIэм гукъинэжу зыкъыщагъэльэгъуащ. Къэхутэ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм зы дакьикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

ЗэIуцIэр щекIуэкI пэшым щагъэуват зауэ гущIэгъэнушэм и лъэужьхэр кьызыхэщ тхылъ дапхъэ. Абы хагъэхьа лэжьыгъэхэм тепсэльыхьащ Безыр Ленэ. Апхуэдэхэт а зауэм кьытхуихьа гуэзэвгъуэшхуэр кьызыхэщыж художественнэ тхылъэкэр щызэхуэхьэса, адыгэхэмрэ ахэр щыпсэу щIынальэмрэ ятеухуауэ зыпIлъыкIакIуэхэм яльагъуу ятхыжахэр, адыгэхэр дуней псом зэрыщикъухьар кьыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр, дэфтэр хъумапIэхэм кьыхахьжа тхыгъэхэр зи лъабжьэ кьыдэкIыгъуэхэр. Тхылъ гъэльэгъуэныгъэм щыпIлъагъурт Къумыкъу Тыгъуэн, Шинклубэ Бэгъарт, МафIэдз Сэрэбий, КIыщокъуэ Алим, IутIыж Борис, Дзэмыхь Къасболэт, Емуз Анатолэ, Бейтыгъуэн Сэфарбий, Касумов Алий, ХьэфыщIэ Мухьэмэд сымэ, нэгъущIэхэми я лэжьыгъэ щхьэпэхэр.

Кавказ зауэжьым кьрикIуа насыпыншагъэм, апхуэдэуи гуэзэвгъэмрэ гугъуехьхэмрэ кьызэранэкIыу лъэпкъым и жьэгур Хэкум зэрыщахъумэжам, щыгъуэщIэж махуэм теухуа «Тхыдэм и дерсхэр: Кавказ зауэр» нэтын кулщIафIэр яГъэлъэгъащ. КъирихьэлIахэм ягу ирихьащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и магистратурэм щеджэ **Мэртыкъуэ Эдуард** Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ Къэхъун (курыт еджапIэ №92), Кэнжэ (курыт еджапIэ №20) кьуажэхэм кьикIа цIыкIуэхэм. НыбжьыщIэхэр зауэм теухуа усэхэм кьеджащ, кьрихьэлIахэм я нэпс къраГъакIуэу. Урыс-Кавказ зауэм теухуауэ абыхэм утыку щагъэлъагъуа теплъэгъуэхэм уи нэгу кьыщIагъэхьэрт ар кулейсысыгъэкIэ, насыпыншагъэкIэ гъэнщIагъэ зэрыщыгъуэ. Лъэпкъым щыщу кьэнар зымащIэт. Хэти яку ящащ е кьы ФIыцIэм хэкIуэдащ, хэти мажэщIалIагъэмрэ уз бзаджэмрэ яхьащ, зи псэр Тыркум нэзыхьэсахэми я дунейр щIагъуэ зэрымыихьаури абы кьыхэщырт.

- Адыгэхэм ди ЩыгъуэщIэж махуэм ирихьэлIэу зэхьихьэ щхьэпэхэр, хабзэ хъуауэ, ди школым щыдогъэкIуэкI. ЛIэщIыгъуэрэ ныкъуэм щIигъу дэкIыжами, а зауэжьым лъэпкъым кьытхуихьа гуэзэвгъуэм и лъэужьыр иджыри гущащкъым. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм ящыщхэр ди щIынальэм кьызэрыIэпхъуэжыр гуапэ тщохъу, дызэкIэлъэкIуэ, - жиIащ КъэхъуI кьуажэм и курыт школ №2-м тхыдэмкIэ щезыгъаджэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Шыбзыхъуэ Хъэмсинэ**. - Урыс-Кавказ зауэм и пэжыр кьыщыгъэльэгъуэжа тхылъхэр я Iэдакъэ кьыщIэкIащ Къумыкъу Тыгъуэн, Касумов Алий, Мэшбащэ Исхьэкъ, Хьэфыщ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэми. «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс куэд хуауэ щыгъуазэ дещI хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я псэукIэм, щыIэкIэм, гугъапIэхэм. Ди еджакIуэ цIыкIуэр кьыщыджэну усэхэри я газетым и кьыдэкIыгъуэхэм ящыщэрщ кьэзэрыгъэр.

Къэхъун кьуажэм и курыт еджапIэ №2-м и унафэщI **Джатокъуэ Хьэуелэ** пшыхьым зыкъыщыдэкIыгъэльагъуа еджакIуэхэм псалъэ гущIэгъэ захуигъэзащ, фIыщIэ яхуищIащ екIуу, гум дыхьэу тхыдэм щыщ IыхьэкIэр кьыдзэрагъэльагъуэжам папщIэ.

Кэнжэ кьуажэм и курыт еджапIэ №20-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ **МахуэлI Ларисэ** жиIащ гуэзэвгъуэ куэд зи нэгу щIэкIа адыгэхэм кьакIуа гъэзэгуанэм теухуа зэхьихьэ зэмылIэужьыгъуэхэр я деж кьызэрыщызэрагъэпэщыр, я щIэблэр блэкIам зэрыщагъэгъуаззэр. Абы ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ апхуэдэ гуэзэвгъуэ зэи ямылъагъуну, жыджэру, щIэныгъэм хуэнэхъуеинщэу зыкъагъэльагъуэну, дяпэкIэ лъэпкъыр ефIакIуэну, зиужьыну.

Безыр Ленэ зэIущIэм кьрихьэлIахэмрэ абы жыджэру хэтахэмрэ фIыщIэ яхуищIащ, лъэпкъым и щхьэ кьрикIуа гуаузм хуэдэ зэи я нэгу щIэмыкIыныи ехъуэхъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Тхыдэ

ПсыIу теуэ

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Интернетым сыщрихьэлIауэ щытащ убыхххэмрэ шапсыгъэмрэ, лЫигъэшхуэ зэрахьэу, Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм адыгэхэм (шэрджэсхэм) я лъахэм къиэзрыгуа зэрыпхъуакIуэхэм зэрапэщIэтар къызыхэщIыж тхыгъэ гъэщIагъуэн зыбжанэ. ПсэзэпылъкъэпIэу лъэхъэнэ тельыджэм екIуэкIа хъугъэ-щIагъэхэр зэкIэлъыгъэкIуауэ къыщратхэкIыжа сатырхэм я нэхъыбапIэр зи кьалэмыпэ кьыпыкIар ахэр а зэман жыжьэм зи нэгу щIэкIауэ щыта цIыхухэрщ.

ЯПЭХЭМ къызгурыIуэртэкъым: «Адрей адыгэ-адыгэ лъэпкъхэм елъытауэ, апТIэхъуэхэр (убыххэр) нэхъ зауэшыуэ щытауэ Урыс-Кавказ зауэр зэхэзыублахэри щыхьэт щIытехъуэр сыт? ЗэрыпхъуакIуэхэр япэу зыIуауэ щытыр гуБгъуэрыс лъэпкъхэракъэ?» - жысIэрти. Иджы, кьызэрыщIэкIымкIэ (ар си дежкIэщ), XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм хьы ФIыцIэ Iуфэм кьеГъэщIылIа щIыналарэхэми зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIауэ щытащ. Абыхэм кьарикIуа хъугъэ-щIагъэхэр къызыхэщыж дафтэрхэм и чэзум щыгъуазэ зэрызахуэзмыщIыфам кьыхэкIэ, зэрыжысIащи, убыххэмрэ хы псыIу Iуса щапсыгъэмрэ пащтыкъыбдзэр япэу щатеуар Урыс-Кавказ зауэжьым и кIэухыр щыхуэза 1863 - 64 гъэхэрауэ кьысщыкъурт. АрщхьэкIэ, кьызэрыхэдгъэщащи, Iуэхур зыIутар нэгъуэщIщ.

«1839 илъэсым Шахэпэ щитIысыкIа урысыдзэр» зыфIаща тхыгъэм кьызэрыхэщыжькIэ, а гъэм и мэлыжьыхь - нахьыгъэ маззхэм я зэблэкIыгъуэм хиубыдэ махуэ бжыгъэм и кIуэцIкIэ, убыххэмрэ шапсыгъэмрэ я щIыр щызэпыхъэ Шахэпэ нэс пащтыхьыдзэр псы щIыIукIэ кьесылIэри, абдежым залымыгъэ хэлъу щитIысыкIащ.

Кьызэризэм кьыдэкIуэу, а щIыпIэм зыщигъэбыдэну унафэ зыхуащIа генерал Раевский Николай хуэзщIаугъуея дзэм хэтт Кавказ Ищхъэрэм щыIэ Тенгинскэ, Навагинскэ полкхэм кьыхаша батальону 8, ях ФIыцIэ (черноморскэ) къэзакъныбарыпщхэм (пластунхэм) я лъэсырыдзэ полкыу 2, Iэщэ шынагъуэу а зэманым кьалъытэу щыта топ 24-р зыгъэIэрыхуэ сапер ротэу 2.

Сэ кьызэрыслъытэмкIэ, зауэ гущIэгъунщэр иухыным иджыри илъэс 25-рэ хуэдиз ирихьэу, Шахэ псыр хьым щыхэхуэжым дежь зыщыдыбгъуэ мэзыкIуэ тафэмрэ абы кьежьэщIыпIа ныджж бгъуфIэшхуэмрэ зыщигъэбыдэн папщIэ, урысыдзэм кьаруушхуэ ирихьэлIауэ зэрыщытар кьызыхэщыж дафтэрхэр Интернетым иджы тыншу кьызэридгъуэтэжыр фIыщ. Сыту жыпIэмэ, ди лъахэм и псэм кьещэ зэрыпхъуакIуэхэм адыгэхэр зы махуи зэрамыгъэтыншар, я хуитныгъэмрэ я хэкумрэ яхъумжьын папщIэ, абыхэм ящыщ зэрамыгъэжар, лIыгъэшхуэ зэрызэрахьар кьэзыгъэлъагъуэ Iэмалыфly зи гугъу тщIы тхыгъэхэр кьоуври. ИкIи, зэпэщIэувэныгъэ гуащIэрэ гущIэгъуншагъэкIэ гъэнщIа а лъэхъэнэ бзаджэр зыIутыжа щыхъэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм хэпльэжу, щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ зэхуэхьэхэхэми, фIыщIэ щхьэхуэ яхуэфащэу кьыщIэкIынщ.

Ауэ жагъуэ тщыхъур сыт жыпIэмэ, абыхэм кIэух псалъэ зэрыратыж щыкIэрщ. Зи хэкужь и псэм кьещэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэувэу, лIыгъэ зезыхьа шэрджэсхэм я пщIэр кьаIэтыжыным и пIэкIэ, ахэр а зауэ гущIэгъуншэм хэзыша урыс пащтыхьым и дзэпщ кьанлыхэр яГъэзахуэ, ар дзэнэ кьэна, щытхъупскIэ щIагъанэри, пIыхъужьу кьыщIрагъэдз. Нэхъ Iеижьращи, адыгэхэр, убыххэр щыпсэууэ щыта я хэкужьым лIыукI-лъыиифхэм я фэеплъхэр щыгъэувэн хуейуэ якъуэдий, тхыдэм упхьзыгъэплъыж дафтэрхэм кIэлъауцIыхьыж сатыр гуемыIухэмкIэ дэ, адыгэхэм, ди жагъуэ кьызэращIыр, абыхэмкIэ ноби кьызэрыдэныкъуэкъур зыхамыщIэ хуэдэ.

Чэруан зекIуэр зэрызэщIагъуэуа щыкIэм дежкIэ кьедгъэзэжькъыжьащ, 1839 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м Севастополь кьхъхь тедзапIэм кьыIукIри, Керчь псы дзлъэдапIэм (хьжьэм) дыхьащ Хы ФIыцIэ флотым и 2-нэ эскадрэр. «Императрица Екатерина», «Память Евстафия», «Адриаполь», «Султан Махмуд», «Силистрия» кьъуафэхэмрэ «Штандарт» фрегатымрэ зыхэт хуэдэм я унафэщIыр адмирал Лазарев Михаилт. Махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу абыхэм гъусэ яхуэхъуащ «Агатополь», «Тендос», «Бургас», «Браилов» фрегатхэр, «Меркурий» бригыр, «Северная звезда» бахъэрызекIуэ юхьхыр (пароход), «Легкий» тендерыр, «Ориандэ» яхтэр.

Мыбдыжьым я цIэхэр тхыгъэм кьызэрыщыхьам хуэдэ дыдэу кьыщIедбжэкIыжьыр, ди лъэпкъэгъуэхэм я щIынальэм и зы кIапэ кьудейм зыщигъэбыдэн папщIэ, Урысей пащтыкьыгъуэм кьарууэ ирихьэлIар зыхуэдизыр кьридгъэзыгъуэжьн щхьэкIэщ. Теуэм апхуэдизу ерыщу икIи зэгъэкIуауэ зыхуагъэхьэзэрати, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа кхъуафэхэм кьыщыгъэмыщIа, зекIуэм хэтыну дзэм хуагъэхьэзырат Темрыкъуэ (Темрюк) тедзапIэм хэхъ пасэу кьыщагъэувыIа сатуущI кхъухьхэм хуэдэу 9. Абыхэм щIэгъэхуэбжьауэ иралъхьэр зэрыщытIысыкIыну щIпIэм щаухуэну сэнджэлейм (быдапIэм) ирахьэлIэну пкъыгъуэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ, ирагъэзагъэрт лэжьакIуэ папщIэу кьагъэсэбэп выхэмрэ шыхэмрэ, Iэщым ирагъэшх мэкъэмыплмрэ ахэр зыщIащIэну шыгу-выгуэмрэ, шэрджэсыщым щытыкIыну дзэр мазитIкIэ зрикъун шхыну Симферополь Ерыскъы комиссэм кьахуэзригъэпэщари абы хэтыжу.

Кьэнэжар зауэлIэхэр ахэр здэIэпхъуэм зыщIэсыну чэтэн унэхэмрэ, зауэм хуэгъэса тофхэмрэ топышэхэмрэ, нэгъуэщIкьинэмыщIхэри кхъуафэхэм игъэззгъэжьныратти, кьыздикIари-кьыздихуари кьахуэмыщIэ хьжькуиим кьыкIэпхыкIуэ махуитIым и кIуэцIкIэ дзэм зригъэзгъэхьеякъым.

ИкIэм-икIэжьым, мэлыжьыхьым и 28-м, жьапщаер щыувыIэм, хыдзэр кхъуафэхэм ирагуэшащ. Апхуэдэ щыкIэм тету, теуэм хуэгъэпса зекIуэ щынагъуэр, Тамань тедзапIэм кьыIукIри, Керчь псы дзжьпIэмкIэ хы фIыцIэм кьытехьащ. Ауэ мыбдежми, езы Тхьэшхуэм зауэшыхэм закъригъэщIэжьну хэта фIэкIа умыщIну, хьжькуиим аргуэру «зыкъигъэубэлэщыжащ». УвыIэгъуэ имыIэу кьепща жьапщэм зэтриIыгъа кхъухьхэр Шахэ Iуфэр щынэсар щэджагъуэ нэужь хуаузэ накъыгъэм и 2 махуэрщ. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу дзэр хамэ щыгу ибутIыпщхьэну дзыхьщIыгъуэджэти, Шахэрэ Субэшрэ (Шупашэ, иджы Матросская щель) хым щыхэхуэжым я зэхуакум дэлъ псы гущIыум деж, зауэлIхэр зэрыс кхъуафэхэр жащ псом и кIуэцIкIэ уфафэ-уфэрэзэу щаIыгъащ. Теуэр зэрекIуэкIынум и хъыбарыр нэхъ пасэу зыIэрыхьа убыххэмрэ шапсыгъэмрэ, кхъухьхэр гъунэгъу кьаззрыхуэхуэр щалъагъум, лъныкIуэ псомкIи кьикIыу, хыдзэр щитIысыкIыну щыпIэм кьекIуэлIэн щIадзащ.

- МызыгъуэгукIэ Раевскэм урыс Iэщэр ирихьэрт зауэшы дыдэу кьалъытэ убыххэм я щIыгум, - щитхыжащ «ГукъэкIыжхэр» зыфIища и тхыгъэм, «Шахэпэ теуэм» и курыкупсэм хэта декабрист Лорер Николай. - Сыт ищIыскIи нэрылъагъут, езы бгырысхэми зэрыжаIауэ, «Тхьэхуущыжи щыгу»-р тынщу икIи пщIэншэу абыхэм кьызэрыдамытынур.

Шахэпэ и кьыщхьэщыжакIуэхэм я нэхъыбэр гъунэгъу кьуажэхэрат кьыздикIар. Ауэ, а махуэхэм щэрджэсхэм яхэта, политикэ Iуэхуэхэми хуэIэзэ, инджьылъ хьэрычэтыщIэ (коммерсант) Белл Джеймс зэритхьжьымкIэ, ПсыфIыпс кьуэбжьку абрагъуэм дэс щапсыгъэри мы щыпIэм гупышхуэ хуэдэ кьызэрыхьат. ИужькIэ ахэр, махуэ бжыгъэкIэ екIуэкIа зэхуэу гуащIэхэм, «зы къэмынэу» зэрыжаIэу, хэти уIэгъэ щыхъуащ, хэти щыхэкIуэдащ. Белл щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, а махуэхэм Шахэ и тIуащIэ бгъуфIэшхуэр «зыгъэзджызджа» зэпэщIэувэныгъэ хьэпльэм ПсыфIыпс дэса щапсыгъэхэм ящыщу, лIыгъэкIэ, кьызыхэкIа лIакъуэкIэ цIэрыIуэ дыдэу кьалъытэу щыта лIакъуэлIэш пашэу 50-м нэблагъэм я щхьэр щыхалъхьащ.

Километрищ зи кIыхьагъ хы псыIумрэ абы кьыщхьащыт мэзылъэ джабэ нэкIуэмрэ зысея бгырыс хэкуэсхэм теуэм ипэ кьыхуэ жэщым щызэщIагъэста мафIэхэм кьапих бзийжэр дэнэ лъэныкъуэкIи кьыщылъагъуэрт. Нэхущым урысхэр хы ныджэм есылIащ.

Десантыр щитIысыкIыну щыпIэр а зэманым кьырылъэ щыгужэмрэ жыгей абрагъуэхэмкIэ зэщIаоеят. Абы и гущIыжькIи, иужьрей илъэсхэм щэрджэсыщым хы псыIумкIэ кьебгъэрыкIуэн щIэзыдза бийм кьигъэгузэва бгырысхэм мы щыпIэр щыIтI-кьуэтIыхьхэмкIэ кьратIэкIат.

- Пщэдджьжьыпэм зыкъызэIэта дыгъэм и япэрей бзийхэм кьызэщIагъэнэхуа тельъэгъуэр апхуэдизкIэ тельыджащэти, поры дитхьэкъуаеми ярейт: псы IуфэмпэмыжьжьэкIэ тафэм илъэсищэ бжыгъэ зи ныжьку и жыгьжьхъэм я лъабжьэм IэщэкIэ зэщIэуэзда убыххэм ящыщу 500-р лъэгуажьэмыщхьэу щызэхэтт, - щетхыж и «ГукъэкIыжхэм» Лорер Николай. - Убыххэр Тхьэ елъэIурт. Абыхэм я пащхьэ зи щхьэм щэкI хужь кьешэкIа ефэндыри итт. ДымыгъэщIэгъэун тхуэзфIэкIакъым, ижь-ижьыж лъандэрэ мажуский динымрэ чыристэн динымрэ зэхэухуэнауэ зезыхьэ щэрджэсхэм я пащхьэ, «Тхьэхущынэ щыгум» деж, муслъымэн диным и лэжьакIуэ зэрящIуварI Ар и щыхьэтт кьащхьэщыхьэ щынагъуэр тырку ефэндыхэми кьызэрагъэсэбэпам, езы бгырысхэри абы зэрыригъэувэлIам.

Лорер Николай итхахэм кьыдежьууэ, Шахэ теуэм я нэхъыжь адмирал Лазарев Михаил отставкэм щыIэ и ныбжьэгъу, капитанлейтенант Верёвкин Александр мыпхуэдэу ухитхыгъауэ щытащ: «Щэджэс мини 3-м нэблагъэ лъэгуажьэмыщхьэм зрагъэуат. Ахэр Тхьэм елъэIурт бийм зэрапэщIэтын лIыгъэрэ хахуагъэкIэ кьетэну, я адэжьэр щалъхуа щIынальэр яхуэмэжьыр папщIэ. ТIъэгъуа теплъэгъуэм дапхуэдизу гумащIэ дыкъмывыщIами, дыкъыщIежьа Iуэхур дгъэззэщIэн хуейт...»

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Си еажапІэ - си къежапІэ

● Иужьрей уэзджынэ

Узыншэу, школ!

Нобэ, накъыгъэм и 23-м, ди республикэм и курыт еджапІэ псоми иужьрей уэзджынэр къыщоуэ. Дэтхэнэ школакІуэм и деж Іи мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъэр псом хуэмыдэжу псэкІэ зыхащІэ курыт школыр къэзыуухэм. Ди республикэр къапщтэмэ, 11-нэ классыр мы гъэм къаух ныбжьыщІэ 4473-м, 9-нэ классыр - 8453-м. Нобэрей иужьрей уэзджынэм и зу макъ жьгъырум ахэр ІуэхущІэхэмрэ мурадыщІэхэмрэ къыхуреджэ, я сабиигъуэмрэ балигъ гъащІэмрэ я эпыльпыІи мэхъу.

СЫТ ЩЫГЪУИ хуэдэу, ныбжьыщІэхэм я гуфІэгъуэр даІэт адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я ліыкІуэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм я Іэщ1агъэлІхэм. Школ линейкэхэм апхуэдэу къраг1ьблэг1ащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщІэ щызиІэ нэхъыжьыфІхэр. Ахэр псори щызэхуос ягъащІэрэщІа, макъамэ дахэхэр къыщыІу школ пщІантІэ хуитхэм. 11-нэ классыр къэзыуухэм нобэрей махуэр гукъинэж ящыхъын папщІэ, школакІуэ нэхъыщІэхэм яльэкІ къагъэнакъым. Абыхэм школ щІыхьэпІэхэр, гуфІэгъуэ зэІуІэр щекІуэкІ утыкухэр удз гъэгъахэмрэ щар зэмыфэгъуэ гъэпщащхэмкІэ ягъэдэхащ, гуфІэгъуэр нэхъыбэу эытеуухуэхэм папщІэ концерт цыкІухэр, теплъэгъуэ кІэщІхэр ягъэхъэзыращ.

А псори я гуапэ хъуарэ фІыщІи ящІу утыкухэм къохьэ школыр къэзыуухэр, я класс унафэщІэхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм къахощ я зыхуэпэкІэкІи, я плІэм зэпрыууэ едзэкІа дарий лентІ щхъуэкІэпІыкІэхэмкІи, я нэгум кьищ нэжэгужагъэмкІи. А ныбжьыщІэхэрщ гуфІэгъуэм зыкърезыгъэхьэлІа псоми - егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми, школакІуэ цыкІухэми, хьэщІэ лъапІэхэми - нобэкІэ я плъапІэр. Махуэр дэкІмэ, ахэр хъунущ ди республикэм, къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студент, ауэ мы зэманыр абыхэм я дежкІэ хуабжьу тКІипщІ: школыр къэзыуухэм къэрал экзаменхэр щат лъэхъэнэр къэсащ. НыбжьыщІэхэр хущІокъу ахэр екъулІэныгъэкІэ ятыну, хуопабгъэ я хъуэпсапІэхэм лъэІэсыну, гугъапІещІэхэр зрагъэхъулІэну. Щэч къытетхьэркъым къапэщыдгъэ къэрал экзаменхэм ныбжьыщІэхэр зэрыпІэзыщынум. Дэтхэнэми наІуэ къищІынуц илъэс 11 е 9 зи кІыхьагъ школ гъэугуанэр сыт хуэдэу къикІуами, а зэманыр дауэ къитГэсэбэпами.

Ахэр иужькІащ. Нобэ Иужьрей уэзджынэм и махуэшхуэм, ар зэхъэлІа псоми я гум щызыщ гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ. Абыхэм папщІэ мэІу хъуэхъу дахэхэр. ГъащІэ гъуэгуанэм щыщ Іыхьэ узынишэу, курыт щІэныгъэ зрагъэгъуэтауэ я бынхэм кьиз1эракІуам и щІыхькІэ адэ-анэхэм гуфІэгъуэм щІапащэнущ унагъуэхэм. Балигъ дунейм хэбакъуэ, къэкІуэнурэ ей, ар зыхуэхэну ныбжьыщІэхэм дохъуэхъу Иужьрей уэзджынэр угъурлы яхуэхъуну, жылагъуэм я уВыпІэ щагъуэту, гупсысэ Іущхэр зи Іьабжьэ Іуэху екІу куэд зэфІэхыну, насыпыкІуэщІрэ екъулІэныгъэкІэ гъэнщІагъащІэ ирахьэкІыну. Дохъуэхъу и лъэсыр узынишэу къезэхьэлІа егъэджакІуэхэми, бын гуфІэгъуэм зи псэр дэнэху адэ-анэхэми, къащІэхъуэ щІэблэм я екъулІэныгъэхэм дэрэжэгъуэ кьезыт нэхъыжьыфІхэми. КъэкІуэну дахэ зиІэн лъэпкъ узынишэ Тхьэм дищІ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым ерэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

КЪАРЭЖЬ Тамарэ: Дэ Тхьэр фІыгъуэ куэдкІэ къытхуэупсащ

***Анэдэлъхубзэм, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ ятеуухуауэ ди республикэм щекІуэкІ зэхьэхьэ дахэхэм я утыку щІэх-щІэхьуурэ кьохьэ Налшык къалэ дэт сабий гъэсапІэ №40-м екІуалІэ цыкІухэр. Куэдым ягъэщІагъуэ кьалэдэс сабийхэм яІурылъ адыгэбзэм и шэрыуагьыр, апхуэдэуи ди хабзэм, лъэпкъ джэгукІэхэм ятеуухуа щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ зэрабгъэдэлъыр. «Сабийхэм апхуэдэ лъэпкъ гъэсэныгъэ яхэзылъхьэр хэт?» - жыпІэрэ ущІэупщІэмэ, ар Къарэжь Тамарэщ, фІыуэ ильагъу Іэнатіэм и лъэс 50-м щІигъуауэ хьэлэлу пэрыт, «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм мыз-мытІэу щытекІуа, абы и къэпщытакІуэ гупым куэдрэ хэта лэжьакІуэ емызэщІ.

Къарэжьыр Тэрч щІыналъэм хьихьэ Къаншыуей къуажэм къыщылъхуащ. ХъыджэбзиплІымрэ щІалищымрэ я адэ Къэралбий жылэм дэт курыт школым и унафэщІу лэжьащ, я анэ Думэзин егъэджакІуэт. Къарэжьхэ я унагъуэшхуэр лъэпкъ гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэм и нэхумрэ пщІэ щыхуащІыри, а фІыгъуэхэм хуэпабгъэу, ахэр я гъащІэ джэлэсу ехьэхуащ я бынхэр. Абыхэм кьахэкІащ Іуэхущ1апІэ иным и унафэщІи, егъэджакІуэ Іэзи, технолог щІэрыІуи. Ада-анэ щыпкъэм ирагъэлъэгъуэ щапхъэращ Тамарэ я дуней тетыкІэ дахэм и лъабжьэр.

Мы махуэхэм Тамарэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ екІу ирокъу. Къыщалъхуа махуэм и пэ кьихуэу зыхуэдгъэзащ гъэсакІуэ, егъэджакІуэ пашэм икІи и гъащІэ гъуэгуанэм, и Іуэху зехьэкІэм тедгъэпсэлъхьыхащ.

- Тамарэ, псом япэрауэ, си гуапэу сынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкІэ. Къалащхьэми ди республикэм и гъэсакІуэ куэд иси къыщІэкІынкъым уэ уи щІэр фІыкІэ зэхэзымыха, щапхъэ узыхуэныхъуа. Дяпэкіи узынишэу Тхьэм уи гъэлажьэ. Сэ сызэрыщы-гъуэзмкІэ, егъэджэны-гъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм ущыпэрыхьа Іуэху щІапІэм. Налшык дэт 52-нэ сабий садым, и хуэныгъэм уэри ухэтащ. ФІыуэ пльагъу уи Іэщ1агъэм хэпха япэ лъэбакъуэхэр сыт хуэдэу уигу кьина?

- Пэжу, гъэсакІуэ, егъэджакІуэ Іэщ1агъэхэм сызэрысабийрэ си гур хуэзІуахэу, сыщІэхъуэпсу сыкъэхъуащ. Курыт школыр кьызэрызухуэри Налшык дэт педучилищэм (иджы колледжщ) школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэ Іэщ1агъэлІхэр щагъэхъэзэщІ и хьадамэм сыщІэтІысхьащ. Студент илъэсхэр хущІапІэгу есхьэкІащ, щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным кьыдэкІуэ, еджапІэм щекІуэкІ жыларгъуэ Іуэхугъэм щыдэкІуэ, сыхэтащ, щэнхабзэрэ гъуаэрджэрэ я пІэнякъуэкІэ щыІэ гупжьейщэм сфІэфІу сыкІуащ.

Педучилищэр кьыщыдухэ 1969 гъэр, сабийхэм япэ дыдэу сащыхьхьар, сщыгъупщэркъым. Іэфы1кІэ щащІ фабрикэм и лэжьакІуэхэм я сабийхэм папщІэ гъэсапІэ иухуэн щІидза кьудейт абы щыІуэ. Іыхьэ зэзыгъэгъуэтагъащІэ зэныбжьэгъу хъыджэбз 12 дыхьэу абы дагъэкІуауэ щытащ, ухуэнытэмри дыхэтыну, иужькІэ лэжьакІуэуи дыкъэнэжьыну. ЖыпІэнурамэ, ди унэ дыдэм хуэдэу дегугъуу, тпъэкІ кьдмыгъанэу, дыхэтащ садым и уухэнигъэм. Апхуэдэ дыдэуи дигурэ ди псэрэ зэІухауэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэми дыщІэпхьащ.

Іэщ1агъэм хэтча япэ лъэбакъуэхэр нэхъ быдэ зэуныкІкІэ куэд кьытхуищІащ гъэсапІэщІэм и унафэщІ Герасименкэ Варварэ. Чэнджэщ щхьэпэ куэд кьыдитащ абы, гъэсэныгъэ Іуэхум дытригъэгушхуэу, ди лэжьыгъэм и ягъэ хуищІу. Ар си лэжьыгъэм и япэ ГъэбакІуэ ятеуухуэ, Тхьэр кьысхуэупсащ щапхъэ зытепх хъун щІыхуфІкІэ. Апхуэдэ фІыгъуэ куэдкІэ иджыри сигъэгуфІащ сэ кьытщхьэщытым.

Къэфэным, уэрэд жьІэным папщІэщи сыдэхьэхьрти, сэ сыхьхьауэ щытащ «Ашэмэз» къэфакІуэ щІыхуфІ бэ ансамблым. Абы и унафэщІыр зи зэфІэкІхэмкІэ республикэм сфІыуэ кьыщацІыху Шэшэн Владимирт, ди пшынауэхэр Сэхъу Хьэсэнрэ Ало Светланэрэт. «Ашэмэзыр» кьызэзыгъэпэщащ зи нэІэм щІэтри «Къэббалъкъавтотранс»-м и унафэщІ, хэкупсэ нэс Хьурей Феликст. Абы тхуриГъэ ди къэрадрэ зыкьыщыдгъэпэгъуащ ди республикэм и махуэшхуэ утыкухэм, абыхэм кьебланэ гъэ хьэщІэ лъапІэхэм я пащхьэм. Москва дэт «Россия» къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм Автомобилистым и махуэм и саулыкъкІэ кьышІэзэрагъэпэщащ концертыпсэ дыхэтауэ щытащ. Абы дыкьышІалъэгъуэм, драгъэблагъат «Шире круг» телевиденэ зэпеуэми. Дунейпсо фестивалхэм я лауреат мызэ-мытІэу хъуа ди ансамблыр апхуэдэу хамэ къэрал куэдым щыІащ: Польшэ, Болгарие, Испание, Италие, Германие, Японие, нэгъэщІ щІыпІэхэми.

Сабий садым сызэрыщылажьэм кьыдэкІуэу, илъэс 12-кІэ сыхэтащ «Ашэмэзым». Адыгэ щэнхабзэр, гъуаэрджэр, лъэпкъ хабзэр си пкъынэлъеуэм «хэуухэнати», абыхэм хуэзущІрт си гъэсэн щІыкІухэри. КъэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гуп щІыкІухэр кьызэзгъэпэщащэу щытащ. Ноби а лэжьыгъэм гъуэ щІэр лъагъэсат ирагъэкІыну. Ди къэрадрэ ди ансамблым ящыщ ди къэкІуалІэ щІыкІуэм садэлэжьащ. Абыи лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд щызэфІэтащ. Абыхэм ящыщщ фи пащхьэм ислъхьэхэр.

Си анэбзэ, си адыгэбзэ

Солъагъу сэ фІыуэ си бзэр, адыгэбзэр.
Тхьэм къызитам нэхъ лъапІэ яхэмыт.
Мэбауэ ар ди бгыжьхэм я хьэуамкІэ,
Сигу пхъэрым щыгъуу узгум зыщеІэт.
Си япэ псалъэр зэрыжысІа си бзэм
ПэсщІыну зы бзэ мы дунейм темыт.
Бжэндэжьу макъ бзэрабзэу, дэни щоІур,
Ар псоми яфІэдахэу къыщІодэІу.
Хамэ къэрал жьыжьхэм ноІусыр,
Абы щыпсэу адыгэхэм я гунэсщ.
Си адыгэбзэу мы си гум щызгъафІэрщ
Анэм и япэ псалъэр зэрызэхэсхар.
Гущэкъу уэрэд дахэр, таурыхъэр
Си анэм япэ къыззрызжиІар.
Бахъсэнырпсэр уи бзэмкІэ Іущащу
ШкІурэшкІуэжу сыт щыгъуи йожэх.

● Иужьрей уэзджынэ

Гъуэгу махуэ, «Парадайз»!

Аруан щІыналъэм хьихьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м иджыблагъэ зэхуэс ин щекІуэкІащ. Ар теуухуауэ щытащ Урысей географие зэгухьэныгъэм (РГО) и «Парадайз» щІалэгъуалэ клубыр еджапІэм къызэрыщызэІуахьэм. ЗэІущІэр кьызэрыкІуэм мы-хьэнэшхуэ зэрыІэр.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиІэ а Іуэхугъуэм хэтыну Іуэхущ1апІэм и актовэ пашьм щызэхуэсат щІыху куэд. Абыхэм яхэтт Урысей географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ хьудамэм и унафэщІ **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд**, РГО-м хэтхэу физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Творчествэмкі Іуэнейпсо академием и членкорреспондент **Бисчокъуэ Русланрэ** спортымкІэ мастерым и кандидат **Шыбзыхьуэ Казбекрэ**, Къэхъун щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къандзхъу Леонид**, жылэм дэт курыт школхэм я унафэщІхэу **ХьэхъупащІэ Іэминрэ Джатокъуэ Хьэуелэрэ**, Аруан щІыналъэм щыпІэжьэ курыт школхэм географиер щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и пашэ **Мэкъуауэ Ольгэ**, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и лІыкІуэхэр, методистхэр, РГО-м ди республикэм щиІэ «Альтаир», «ЮнЭк» клубхэм я унафэщІхэу **Мокаев Тенджыз, Гузиев Хьусен** сымэ, егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэ нэхъыжьхэмрэ.

ЗэІущІэр кьызэІуихащ курыт школым и унафэщІ **Хьэхъупащ1э Іэмин**. Абы жиІащ РГО-м и щІалэгъуалэ клуб зи пашэ еджапІэм кьызэрыщызэІуахьэм мы-хьэнэшхуэ зэрыІэр.

Кьызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ «Парадайз» клубым и унафэщІ, школым географиер щезыгъэдж **Хьэсанэ Залинэ**. Абы фІыщІэ яхуиІащ Іуэхугъуэщ1эр кьызэІуахьэм. Іэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтауэ мы-хьэнэшхуэ зэрыІэр.

Къэзыуухэсахэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ «Парадайз» клубым и унафэщІ, школым географиер щезыгъэдж **Хьэсанэ Залинэ**. Абы фІыщІэ яхуиІащ Іуэхугъуэщ1эр кьызэІуахьэм. Іэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтауэ мы-хьэнэшхуэ зэрыІэр.

Къэзыуухэсахэм фІэхъус псалъэкІэ щрратым, и гуапэу ехьэхъуащ гъуэгуанэщІэ теувэ клубым. Абы къыхихъащащ Къэхъун курыт школ №1-м кьыщызэІуах щІалэгъуалэ клубыр ди республикэм щыпажьэ ди къэрадрэ Іэнатіэхэм я ешІэнэу зэрыщытыр.

- Урысей географие зэгухьэныгъэм къепха щІалэгъуалэ клубхэр кьызэІуихьныр къыхалъхьауэ щытащ 2016 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм. Нобэ ди къэралым хьихь зубгъет 70-м щолажьэ РГО-м и щІалэгъуалэ клубы 120-рэ. Ди щІыналъэм абыхэм лэжьэн зэрыщыщІадэрэ илъэсит1 мэхъури, зэфІэх лэжьыгъэхэмкІэ, зы1эрагъэхьэ ехьэлІэныгъэхэмкІэ дагъэгуфІэ, - жиІащ Къуэжьокъуэм. - Нобэ япэ лъабакъуэр фи школым щызыч «Парадайз» - Іэщ1агъэлІэ клубмэ зэфІэкІ лъагъэкъыкъуэкІыну дыщогугъ. Дэ дыкъэпщтэмэ, сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи дІэпэкъуэгъуи чэнджэщэгъуи дыфхуэхъуну дыхьэзырщ. Гъуэгу махуэ, «Парадайз»!

Апхуэдэ псалъэ дахэхэр кь

Экономикэ Политикэ
Махуэкъ
Къэбэрдей-Балъкъэр Щыгъуэ Іуэху

Я кхъуэщыыр къутэрэ?

Киев и закъуэу утыкум къинэнкІэ хъунущ

Накъыгъэ мазэр политикэ и лъэныкъуэкІэ купщафІэщ. Ялрауэ, ПІалъэ кІыхь дэкІа иужькІэ, Урысеймрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр зэфІэувэжк хуэдизщ. Путин Владимир епсэлъэну Сочэ лъэтащ США-м и къэрал секретарь Помпео Майк. Лъэныкъуэхэм къаІэтащ Сириемк, КНДР-мк, Афганистанымк, Ливиемк, Иранымк, Венесуэлэмк егъэщІылІа Іуэхуэхэр. Украинэм и гугъу ящыІыхэ хуэдэкъым. Ауэ ар телъыджэщ. Дэ дощІэж Керчь псыдзжыпІэм гъэру щаубыда украин матросхэр Урысеймк хуит къыхэзымыщІыжыр и фІэгъэнапІэу. США-м и президет Трамп Доналд УФ-м и Іэтащхьэм къыхуэзэн зэримыдар.

АРЩХЬЭКІЭ Украинэри зыщагъэгъупщауэ къыщІэкІынукъым. Иужьрей зэманым Вашингтон Киев къыхуэщІыІэ хъунущ хэщІыкІыу. Иджы США-м и мурадыр нэхъыщхьэу зыхуэгъэзар езым и «щындбзэй» Венесуэлэр экономикэкІэ икъузынырщ - къарикІэ тегушхуэрэхьм: а къэралым и дзэр Латин Америкэм щынэхъ лъэщщ. Ауэ ипэрейри къехъулІэркъым, Урысейр Венесуэлэм зэрыдэІэпыкъуэм къыхэкІыу. АтІэ зэхъуэжэ щхьэ мыхъурэ: Венесуэлэм Урысейр дэІэпыкъуркъым, США-ми Украинэм и Іуэху зэрихуэжыркъым, Іэщи кърагъэшэнукъым, зауэлІи къигъэкІуэнукъым. Ауэ апхуэдэ хьуажэ хуей Урысейр?

Вашингтон и щІыб Киев къыщІыхуигъэзам нэгъуэщІ щхьэусыгъуи иІэщ. Ар белджылы къэхъуащ Штатхэм я вице-президенту щыта Байден Джо 2020 гъэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм хэтыну зэримурадыр хэлъщІыу ищІа иужькІэ. Мис аращ Трамп Дональд Украинэм хуэгъэза и политикэм и тэмэмагъым хэзыгъэпльэжар. Псори зэрыщыгъуазэщи, Байден илъэс зыбжанэкІэ и Іэмыщ1э илъащ Украинэр икІи илэжьитІкІэ ящыщщ а къэралыр зэрызэхущащар зи ягъэхэм. Абы и зэманым украин политик куэд Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щекІуэкІ къэрал кІуэцІ Іэхуэхэм куууэ хьыхащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Трамп и ныкъуэкъуэгъуэхэм ядэІэпыкъуу. Иджы ахэр Дональд, уеблэмэ зэрыщІыту США-м я бий кІэрыуфІыцІ хъуащ.

Нью-Йорк и Іэтащхьэ щыта, иджы Трамп и уэчыл Джулиани Рудольф идакъым Украинэм и президенту хаха Зеленский Владимир къыхуэзэн. ТегъэщапІэ ищІари Зеленскэр «президентым и бийхэм къызэрауъуреихырщ». Щапхъэу къихьащ 2016 гъэм Трамп зыгъэпудэ хъыбархэр зэхуэсыснымкІэ демократхэм ядэІэпыкъуа цІыхур.

Зи гугъу ищІар Порошенкэ Пётр и партым и цІэкІэ Радэм хэта журналист Лещенкэ Сергейщ - иджы ар Зеленскэм и гупым яхьыащ. Ардыдэращ 2014 гъэм ЩІынальэхэм я партым и унафэщІ Янукович Виктор и кассэ фІыцІэм къыхахыу абы и чэнджещэгъуу щыта Манафорт Пол щэхуу доллар мелуан 12,7-рэ зэрыратар хэІуцІыну зыщІар. Бзыхьышхуэ хуэдэтэкъым, мис а Манафорт США-м и президент хэхыныгъэхэм япэкІэ Трамп и штабым и унафэщІу щымытамэ.

Лещенкэ и деж а тхьалъ фІыцІэр зэрынэсар къэщІэгъуейщ. АрщхьэкІэ щІыуфэртэкъым США-м щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм езыр «зэрыхэлІыфІыхьыр»: «Янукович и ахъшэу Манафорт Іэрыхьам теухуа хьыбарыр СВС телеканалым къитащ. Си гугъэщ: ар Манафорт и бзным хауКІа иужьрей гъущІ Іунэу. Сыщогугъ Трамп и бэнри апхуэдэу хъуну», «Манафортрэ Януковичрэ мылъку зэлъэфэлІэнымкІэ зэрызэпыщІам газетхэр топсэлъхьэ. Сэ сызыщитхъужьну сыхуейкІыри, ауэ иджыри къэс Украинэм апхуэдэ щащІакъым. Газетхэм кьыззэрыхагъэщІмкІэ, Трамп текІуэнкІэ зэрыхъунум дэ дрихуІащ нэхъапэм зэи дымыщІам - занщІэу тхуэзэфІэмыкІмк, США-м щекІуэкІ президент хэхыныгъэхэм зыгуэркІэ дахэІэбзэну».

Абы жиІэхэр зэрыделагъэр белджылыщ, ауэ, США-м Іэрыхьэу щытмэ, Лещенкэ илъэс куэд лъэхъуэщым щигъэкІуэн хуей хъунущ.

А псом кьадэкІуэу, Украинэм и прокурор нэхъыщхьэ Луценкэ Юрий Трамп и уэчылыр куууэ щыгъуазэ ищІащ Байден Джорэ къэрал секретарь Керри Джонрэ Украинэм щызэхащІыхьахэм. Абы зэрыжиІамкІэ, ахэр украин властхэм ІулъхьэкІэ яубыдащэ щытащ 2014 гъэм. Зи гугъу тщІыр мыгъуэр зи мыгъуэ «Бурисма» газ компаниерщ, пІалъэ кІыхькІэ Байден и къэувмрэ Керри кІуэ ищІам и ныбжьэгъу дыдэмрэ ахъшэшхуэ езытарщ.

США-м и вице-президентыр хуейт Украинэм и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ кьыщыщІащ сланц газыр кьанэ щымыІэу зыІэщІилъхьану, газыр зэрыкІуэ бжьамийхэмкІи еплъэкІырт.

Мыбы щэхушхуэ хэлъхъаш. Барыншамэ, сыт Байден зэпымыууэ Украинэм кьыщІэлъэтар, абырэ Порошенкэрэ я зэІущІэхэр щІэуфаеу щыщытар? 2017 гъэм и щышышлэм Трамп хэхыныгъэхэм щытекІуа иужькІэ, Байден епІэщІэкІыу Киев лъэтащ икІи «кІэнфет пащтыкьым» (Порошенкэ) хуигъэуващ «Бурисма»-м екъэлІауэ зэхащІыхьахэр зэхагъэкІыу имыдэжну. АрщхьэкІэ езы Порошенки и къулыкъур фІэкІуэдащ.

Иджыри зы хъыбар. ИлъэситкІэ кьэта иужь, Украинэм игъэзэжащ Зеленскэм дэІэпыкъуа олигарх Коломойскэр. Ар президентыщІэм и инаугурацэм хэтащ. Аращи, мелардырыбжэр аргуэру утыку кьиухэж хуэдэщ. Ауэ къэдгъэлъэгъуа щхьэусыгъуэхэм я зэранкІэ езы Украинэр утыку кьимынэну пІэрэ? Сліожь, зэманым кьигъэлъэгъуэнщ.

Дэри диІэщ дызэрыгушхуэн

Совет щыхуэхэр щІэхъуэпсу щытащ зи экономикэр дунейм щынэхъ лъэщ США-м и дефІэкІыным икІи псом я фІэщ хъурт ар кьызэрыдэхъулІэнур. Хэбгъэзыхьмэ, езы американхэмк.

И ЩХЬЭУСЫГЪУЭ нэхъыщхьэр СССР-м псынщІэу зэрызиужьырт, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, хьэршыр кьэгъэІурыщІэным, кьыщытхъ ехъулІэныгъэ ин дыдэхэрт. Нэхъыжьхэм дощІэж «Америкэм дылъэщІыхьэжынуц!» псалъэхэр зыхэт уэрэд дахэ зэрыщыІар (абы и макъамэр иджыри зэхьдох, мыпхуэдэ псалъэ гуэркэр хагъахьауэ: «Тутыныр сІащІохури, си гъэунэшэджыр мафІэм пхыресыкІыр». Сліожь, зэманым зехъуэж. Иджы дэ хы адрыщІ къэралым илъэсипщІкІэрэ дыкъыкІэрыхуауэ къалъытэ. Псэуныгъэм тепщыхьмэ, ар пэжщ, арщхьэкІэ а зэщхьащыкІыныгъэр ягъэкІуэдыжыфынущ, Урысейм Іуэхуэкэ тэмэму щызэтраухуэмэ. Зэгъэпщэныгъэхэм я гугъу тщІымэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм далъэщІыхьэн кьудей дэнэ кьэна, атІэ япэ дыщища Іэнатіэхэр мащІэкъым. Ахэр нэхъыбэу зытещІыхьари ди шынагъэншагъэрщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы нэхърэ нэхъыщхьи щІэхъым.

США-р ирегъэкІуэт

Гуэдзу кьрихьэлІэм и куэдагъымкІэ 2014 гъэм Урысейм дунейм ещанэ увыпІэр щыбыдащ, 1981 гъэ лъандэрэ ар зыныгъар Штат Зэгуэтхэрщ. Ди япэ итыр Китаймрэ Индиемрэщ, ауэ щІыбу бжьгъэкІэ хуэдипщІкІэ тщхьэпрокІри, абыхэм гъавэр къомэщІакІ, нэгъуэщІ къэралхэм я деж щыщІэхуэн хуей мэхъу. УФ-м езым зыкъызэригъэпэщыж къудейкъым, атІэ ещэ. Мис абы и лъэныкъуэкІэ зыри кьыттекІуэркъым. 2018 гъэм Урысейм нэгъуэщІ къэралхэм яхуиутІыпщащ гуэдз тонн мелуан 44-рэ. США-м апхуэдизи и къару дэхуэнукъым.

Апхуэдэу ди деж кьыщрахьэлІэ зэнтхьыу (овёсу), хьэуэ, фошыгъу жэгундэу куэдкІэ нэхъыбэ.

Хуэдэ зыбжанэкІэ

Палладий гуущыкІэм дунейм щІэупщІэшхуэ дыдэ щІэщ. Ар автомобиль промышленностым кьыщагъэсебэп. Иужь илъэсхэм хьэуар мыуфІеиным нэхъ ткІийуэ бгъэдыхьэ зэрыхъуам кьыхэкІыу, абы и уасэхэр зэпымыуэу докІуей. АтІэ апхуэдэ кьулеигъу щІым кьыщІахьмрэ ягъэхьэзырырэ я куэдагъымкІэ УФ-м дунейм зыри кьыщытекІуэркъым икІи абы и лъэныкъуэкІэ США-р хуэдэ зыбжанэкІэ яужь кьринащ.

Дунейм щыяпэу

США-м атом реакторхэу Урысейм нэхърэ нэхъыбэ иІэщ, ауэ абыхэм я Іыхьэ щанэр жьы хьуащи, мыгувэу ягъэуцыІэн хуей хъунущ. Мы зэманым щІэуэ ягъэхьэзырри тІу кьудейщ. УФ-м щауэхуэ атом реакторих - 2028 гъэр къэсхьу илъэс хъэ зы лажьэу яутІыпщынущ. Мы махуэхэм зэфІокІ «Академик Ломоносов» АЭС-р ягъэунэхуныр. Псым тетщи, ар узыхуей зэфІокІ псори ящІа пэтми.

Илиев Аппаз лэжьыгъэр фІэфІт, унагъуэ Іэщыр зэрихьэрт. Зэпымыуэу мэжджвтми кІуэрт. И ныбжьым тепсэлъхьыжьи гуапэтэкъым - я фІэщ мыхъункІэ, кьыщыдыхьэшхынкІэ шынэрт. АрщхьэкІэ гъащІэшхуэм и пресс-Іуэхущ1ам зэрыщыжаІамкІэ, ар занщІэу сымаджащым кІуащ лІыжьыр зэрылъэрымыхьыр зэрызэхихыу, ауэ дохутырхэр Аппаз дэІэпыкъуфакъым, яхуэз